



Pou Piblikasyon Imedya: 12/9/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO KAY KOMINOTÈ NAN MASSACHUSETTS AVENUE

46 Kay enèji efikas a bon mache pou rezidan ki gen revni fèb yo nan katye West End Buffalo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèyman 46 inite Kay Kominotè nan Massachusetts Avenue \$13.4 milyon nan Lwès New York. Nouvo devlopman an prezante kay enèji efikas, a bon mache pou fanmi ki gen revni fèb yo nan katye West End Buffalo.

“Kòm youn nan pi gwo investisman lojman a bon mache nan Buffalo nan resan memwa, anons sa make yon gwo etap delavans pou Nouyòkè Lwès New York yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk depans lavi a kap kontinye grenpe, li enpòtan pase anvan pou pwoteje epi elaji rezèv kay a bon mache nan New York. Pwojè sa ap fè yon diferans fondamantal nan lavi fanmi kap travay di yo, e se yon lòt egzanp sou fason nap kreye kominote dirab, vibran nan Eta.”

Devlope pou kay ki gen revni fèb a modere pa Housing Visions Unlimited, Inc., an patenarya avèk non pwofi PUSH ki baze nan Buffalo, konplèks la gen ladan uit inite pou moun ki gen andikap fizik yo.

Pwojè a, ki finanse pa New York State Homes and Community Renewal (HCR) ak Vil Buffalo, enkli \$9.8 milyon nan Ekite Kredi Taks federal ak eta Lojman pou Revni fèb ak \$2.3 milyon nan fon lajan Lojman Trust Funds, fè pati nan yon efò konpreyansif pou revitalize pati nan katye Lwès la epi kreye kominote a plizyè itilizasyon , ak revni mik.

“Ranplase teren vid ki deteryore avèk bon jan kalite kay a bon mache ak espas komèsyal se kle pou revitalizasyon katye yo,” **te deklare Kenyon M. Craig, Prezidan ak PDG Housing Visions.** “Investisman nou an nan Kominote Mass Ave fè pati nan efò kontinyèl katye sa pou revitalize l e li te, an gran pati, dirije pa rezidan ak òganizasyon yo ki gen yon rèv pou yon bon jan kalite kominote epi dinamik. Nou fyè dèske nou fè pati de rèv sa.”

“Nouvo kay yo nan devlopman sa te pote nouvo lavi nan katye sa, e lè nou fè sa nou te

kreye travay, ak opòtinite fòmasyon,” **te deklare Komisyonè HCR James S. Rubin.** “Sa a se kalite devlopman ak kominote ekonomik ke Gouvènè Cuomo anvizaje lè lap pale osijè kreye opòtinite lojman a bon mache, dirab pou Nouyòkè yo. Grasa Vizyon Lojman, PUSH Buffalo, Vil Buffalo, Urban Initiatives, KeyBank, ak sèvant piblik angaje nou yo nan HCR, mwen fyè pou travay ke nou te fè ansanm e nap rete tann pou n kenbe elan sa delavan.”

Devlopman an anglobe 16 bilding— sèt ladan yo te reyabilite konsiderableman e nèf te fenk konstwi— avèk yon total 46 inite lwaye a bon mache avèk apatman en, de, twa ak kat chanm akouche. Senk inite te antyèman aksesib pou moun ki gen tout kalite andikap. Karakteristik vè ak dirab ki gen ladan: Aparèy sètifye Energy Star avèk yon estimasyon 15% rediksyon nan itilizasyon enèji; Rekiperasyon vantilatè chalè pou ekonomize enèji epi bay lè fre ki kondisyonne alavans nan inite yo; robinè ki pa koule fò, douch ak twalèt pou redwi konsomasyon dlo; ak yon sistèm jesyon dlo lapli ki te enstale pa PUSH Blue, enkli yon twati ak dlo ak basen pou lapli.

Devlopman itilizasyon miks la prezante 800-pye kare espas komèsyal ak yon sant kominote 700-pye-kare ki lokalize nan 527 West Utica Street. Etablisman an gen ladan tou etablisman pou fè lesiv ak yon sant biznis. Devlopman an oryante sou transpòtasyon, lokalize nan distans mache pou plizyè wout otobis ak anpil sèvis biznis ak yon sipèmache ki toupre a.

Apatman yo a bon mache pou kay yo kap touche nan apeprè 40% a 80% nan Revni Mwayen Zòn nan, avèk lwaye ki klase de \$375 jiska \$675. Pou yon fanmi twa moun, se \$24,400-\$48,800 chak ane.

Pandan konstriksyon an, Housing Visions te fè patenarya avèk PUSH Buffalo ansanm avèk Hiring Hall, ki bay yon sous pou rezidan yo travay sou gwo sit konstriksyon rezidansyèl yo an retou pou fòmasyon travay sou plas. Housing Visions te anboche plizyè travayè lokal nan pousantaj salè Buffalo ki te fè plis pase 7,000 èdtan e yo te yon enstriman nan achèyman pwojè a.

Majistra Buffalo Byron Brown te deklare, “Nouvo lojman sa se rezilta yon gwo patenarya ant Vil Buffalo, Housing Visions, Eta New York ak defansè PUSH yo. Kòm Buffalo kontinye pou l devlope yon vil opòtinite pou asire ke tout moun benefisye nan resijans ekonomik enpòtan nou an, nouvo kay sa yo make yon nouvo depa pou yon katye ki sou pwèn pou chanje. Mwen remèsye devlopè ak patnè yo pou angajman inebranlab yo, e pwogram Homes and Community Renewal Gouvènè Cuomo a paske li te ede nou fè investisman enpòtan nan avni Buffalo.”

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Kòm nap devwale 46 apatman wo kalite, a bon mache nan pati Lwès Buffalo jodia, nou sonje angajman PUSH ak devouman Vil Bon Vwazen an. Non sèlman inite sa yo ap ouvè opòtinite konsiderab pou fanmi ki gen revni fèb ak modere yo nan Vil nou an, men yap vini yon kote pou fanmi sa yo rele lakay yo. Mwen remèsye PUSH pou vizyon yo, e mwen konplimante yo pou efò kontinyèl yo pou fè Buffalo vin dinamik, yon vil ki aksesib ki gen anpil opòtinite e mwen remèsye

Gouvènè a ansanm avèk Eta paske yo te bay finansman pou fè devlopman sa vini yon reyalite.”

Manm Asanble Sean Ryan te deklare, “Sa a se youn nan pi gwo devlopman lojman a bon mache nan istwa resan Buffalo e PUSH merite anpil kredi paske yo te mennen nou tout la jodia. Yo te fè sa posib. Bati lojman sa epi fè li vini yon reyalite te mande yon investisman enpòtan bò kote eta. Mwen vle remèsye Gouvènè a, ansanm avèk Housing and Community Renewal paske yo te fè pwojè sa vini yon priorite. Investisman nou isit la ap ede kontinye kwasans ak elan nan pati Lwès Buffalo, epi asire ke rezidan revni fèb yo ap genyen plis opsyon lojman a bon mache nan Vil Buffalo.”

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Nouvo Lojman a bon mache dirab sa, se egzakteman bon devlopman egzakteman nan moman ki apwopriye pou katye sa a. Sa a se yon enjeksyon kapital pwisan ak enpòtan kap chanje lavi kominote Massachusetts Avenue – Mwen remèsye Gouvènè a ansanm avèk tout patnè yo enkli PUSH, Housing Visions, Key Bank, ak Vil la – pou angajman sa a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418